# Регби бойынша Қарақалпақстан қызлар сайланды командасы Өзбекстан кубоги жеңимпазы болды

Image not found or type unknown

Усы жылдың 20-22-октябрь күнлери Ташкент қаласында регби-7 бойынша 2005-2007-жылларда туўылған ерлер ҳәм қызлар сайланды командалары арасында U-18 Өзбекстан кубоги, сондай-ақ, 2003-2005-жылларда туўылған ерлер ҳәм қызлар сайланды командалары арасында U-20 Өзбекстан кубоги жарыслары болып өтти.

Оған Ташкент қаласы, ўәлаятлар ҳәм Қарақалпақстан Республикасынан сайланды командалар қатнасты.

Республикамыздың U-18 сайланды командасы қурамында Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты Дене мәденияты факультетиниң студентлери С.Сабирова, Ш.Жалалова, Д.Утемуратова, Н.Амангелдиева, Ү.Утешовалар мүнәсип қатнасып, жеңиске өз үлеслерин қосқан болса, U-20 сайланды команда қурамында институттан А.Шамшетова, М.Аматова, Г.Пержанова өзлериниң жоқары спорт шеберликлери менен жоқары нәтийжени қолға киргизиўге тийкар жаратты.

Спортшыларды жарысқа Антон Михайлов ҳәм Жеткербай Базаровлар таярлады.